

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**EGZAMEN REGENTS POU ISTWA AK  
JEYOGRAFI JENERAL II**

**Jedi**, 25 Janvyè 2024 — 9:15 jiska 12:15 p.m., sèlman

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II ak III.

**Pati I** an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen de (2) dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

**Pati III** a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou senk (5) dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

*Enstriksyon (1–28):* Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Baze repons ou pou kesyon 1 rive 2 yo sou pasaj pi ba a a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . .Li te renmen bèl aparans, glwa, ak abondans [eksè] nan tout bagay, e l te ankouraje menm bagay yo lakay li; depanse lajan san kontwòl nan materyèl [machin] ak batiman, nan fèt ak jwèt kat, se te pi bon mwayen pou jwenn apwobasyon l, e petèt pou l di w you pawòl ki pou onore w. Motivasyon politik te gen rapò ak sa; lè yo pran abitud achte bagay ki chè, e pou moun ki nan yon sèten pozisyon, yon nesosite, li te mande konseye yo pou yo depanse plis pase lajan yo fè, e sa te vin fè tikras pa tikras yo vin depann de yo pou bezwen debaz yo. Sa te vin yon gwo pwoblèm ki te vin gaye nan tout peyi a, e l pa t pran tan pou l gaye nan Pari, e pou l rive nan lame yo ak pwovens yo; sa ki fè yon gason ki nan nenpòt pozisyon, pou yo kalifye l, yo gade sou depans li fè sou tab li ak lòt bagay ki chè anpil. Foli sa a moun genyen akòz fyète ak dezi pou fè moun wè [ekstravagans], gentan lage moun nan konfizyon toupatou; e sa ka lakoz moun pèdi tout sa yo te genyen e tout bagay chavire. . . .

Sous: F. Arkwright ed., *The Memoirs of the Duke de Saint-Simon*, Brentano's

- |  |   |  |
|--|---|--|
| 1 Yon istoryen t ap twouve pasaj sa a pi itil pou l<br>esplike efò Wa Louis XIV fè pou l | : | 2 Ki fraz prèv ki nan pasaj sa a sipòte pi byen?   |
| (1) kontwole kategori moun anwo yo   | : | (1) Vizit tribinal la lakoz maladi a gaye nan Pari   |
| (2) bati konfyans nan tribinal la  | : | (2) Louis XIV te sipòte tolerans nan kesyon<br>relijyon.   |
| (3) bay mwayen pou moun vin endepandan   | : | (3) Gwo depans ki pa nesèsè Louis XIV te fè yo te<br>gen move konsekans.   |
| (4) elimine taks pou kategori moun ki pi pòv yo  | : | (4) Pratik kote se yon sèl moun ki gen tout pouvwa<br>nan peye Lafrans la te ankouraje egalite pami<br>kategori moun yo. |

Baze repons ou pou kesyon 3 a sou deklarasyon ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . .Nan chak gouvènman gen twa kalite pouvwa: legislatif; egzekitif ki gen rapò ak bagay ki depann de dwa moun yo; ak egzekitif ki gen rapò ak dosye ki depann de dwa sivil. . . .

Sous: Baron de Montesquieu, *The Spirit of the Laws*, 1748

3 Ki nosyon y ap dekri nan deklarasyon sa a?

- |                                   |                       |
|-----------------------------------|-----------------------|
| (1) Konsantman moun yo gouvènne a | (3) Separasyon pouvwa |
| (2) Lwa Natirèl                   | (4) Kontra Sosyal     |

Baze repons ou pou kesyon 4 rive 5 yo sou pasaj pi ba a a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . .Nan fen dizuityèm syèk la, Lwès la te byen konprann fòs ak feblès moun peyi Latiki yo. Yo te wè lame Otoman an ki t ap rasanble nan Constantinople te sèl grenn prèv pou gwo resous sultan te ka genyen. Jan Venisyan yo te pran san yo pou yo te di sa, "Sekirite nan peyi Latiki a depann de abondans li genyen nan bagay debaz moun bezwen pou yo viv." Soti pa anndan [anndan] Azi, Ewòp ak Afrik Dinò te gen yon pakèt machandiz; lèn, kui, po bèt ak batis [twal len oswa koton] pou rive Constantinople; manje ak eplis ki soti nan Levant, twal ki sot nan peyi Lagrès, fè ki soti Anatoli; lò ak wòch ki gen valè ki soti nan peyi End ak Ekstrèm Oryan. Anpi a te bat tout wout komès tradisyonèl soti nan Lès pou rive nan Lwès; epi kontwole yon distans bò lanmè ki plis pase 3,000 milyaj, ki gen ladan l kèk nan pi gwo pò nan Mediterane a—Alexandri ak Tripoli. Menm gwo sant Kretyen yo—Ragusa (Dubrovnik), Genoa ak Venice—menmssi yo depase moman yo te pi alamòd, te fè komès ak Otoman yo yon pi souvan pase yo te goumen avè yo, e yo te entegre nan rezo komès Otoman yo. . . .

Sous: Andrew Wheatcroft, *The Ottomans*, Viking (adapte)

4 Dapre pasaj sa a, ki fraz ki pi fè sans?

- (1) Ewopeyen yo pa t konnen fòs ak feblès Otoman yo.
- (2) Otoman yo te konsève fòs nan domèn politik ak ekonomik sou yon gwo rejyon.
- (3) Sosyete Tradisyonèl Islam nan te vin fèb akòz pwogrè Otoman yo te fè nan domèn teknoloji.
- (4) Otoman yo te dirije pandan yo t ap sibi entimidasyon ak laperèz.

5 Objektif moun ki ekri tèks sa se te pou l

- (1) montre avantaj relijyon leta ap sipòte yo
- (2) esplike enpak pozisyon kalkile Anpi Otoman an genyen
- (3) dekri rezon ki dèyè siksè lame Otoman an
- (4) dekri enpòtans teknoloji nan devlopman yon anpi

Baze repons ou pou kesyon 6 rive 7 yo sou pasaj pi ba a a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . .Lè nou fè yon ti gade sa k te pase deja, nou ka wè eleman fondamantal Repiblik Venezyela.

Amekik la ki vin separe ak Otorite Espanyòl la, vin tankou Anpi Women an, lè gwo mas sa a tonbe nanmitan monn antikite a. Chak pati demanbre vin fè yon peyi endepandan dapre sitiyasyon l oswa enterè l, diferans lan se te paske manm sa yo te vin kreye asosyasyon yo te genyen an ankò. Nou pa menm konsèd=ve rès [tras] sa nou te ye anvan an; nou pa Ewopeyen, nou pa Endyen, men nou se espès ki entèmedyè ant aborijèn ak Espanyòl yo—Nou fèt Ameriken e dwa nou fè nou Ewopeyen, nou vin nan pozisyon kote n ap debat ak endijèn yo sou tit byen nou epi rete nan peye nou fèt la, kont tout opozisyon moun ki ka anvayi nou. Donk, sitiyasyon nou an difisil pou konprann e l konplike. Met sou sa, pati pa nou an te toujou yon pati ki pasif; egzistans politik nou te toujou pa egziste, e nou te twouve nou nan pi gwo difikilte pou nou jwenn libète nou pa t janm genyen lè nou t ap viv nan yon nivo ki pi ba pase esklavaj, paske yo te pran libète nou e nou te anba mechanste aktif ak domestik. Kite m esplike deklarasyon ki kontrè sa [kontradiksyon]. . . .

Sous: Simon Bolivar, Address to Congress of Angostura, 1819

- |   |  |
|---|--|
| <p>6 Ki dokiman anrapò ak istwa ki gen plis enfluyans sou gouvènman Venezyela a jan sa dekri nan pasaj sa a?</p> <p>(1) <i>Dezyèm Antant Gouvènman Sivil la</i>, Locke ekri</p> <p>(2) <i>Richès Nasyon yo</i>, Adam Smith Ekri</p> <p>(3) "Yon revandikasyon Dwa Fanm", Mary Wollstonecraft ekri</p> <p>(4) Kòd Napoleyon an</p> | <p>7 Ki sa ki te objektif prensipal tèks sa a?</p> <p>(1) pou rekonekte ak peyi k ap dirije a nan domèn politik</p> <p>(2) pou ankouraje divèsite ekonomi nan Amerik Disid</p> <p>(3) pou dekouvri eleman ki pa onèt nan sosyete Amerik Latin nan</p> <p>(4) Pou w idantifye obstak ki anpeche tèt ansanm nan peyi a</p> |
|---|--|

Baze repons ou pou kesyon 8 rive 9 yo sou pasaj pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.


. . . Pou rezon sa, nou fè voye yon mesaj bay tout moun anwo ak ansyen mou, komèsan ak abitan vilaj ak zòn andeyò uo, bò lanmè a, pou yo bay tout enfòmasyon yo. Peye tout obeyisans tousuit; rasanble pou konsiltasyon; achte zam; rasanble sa k pi vanyan [gen plis kouraj] nan vilaj ou a, epi prepare pou nou defann tèt nou. Si gen youn nan etranje sa yo ki vin simen latwoublay, nou tout nèt nan popilasyon an gen otorizasyon pou tire sou li yo, reziste ak pouse l, epi fè yo tounen prizonye. E se sèten tikras yo ye a p ap janm ka kont tout kantite sa a. Mensi yo vini pou yo pran dlo nan sous yo, pa kite yo avanse, epi pa kite yo jwenn bagay pou yo bwè. Men depi etranje sa yo pa vin sou bò lanmè nou, ou pa dwe panse w pral pran bato pou w al toupre bato yo, pou w lakoz pwoblèm, sa k ap fè yo mennen gwo ankèt sou ou. . . .

Sous: Elijah Coleman Bridgman ed., "Article IV: Proclamation from the Chinese Authorities," *Chinese Repository*, 1839

- |     |  |   |     |  |
|-----|--|---|-----|--|
| 8   | Ki deklarasyon ki pi byen dekri objektif otè a lè l ap fè pwoklamasyon sa a? | : | 9   | Aksyon ki dekri nan tèks sa a plis gen rapò dirèk ak |
| (1) | pou ankouraje komès ak etranje   | : | (1) | retire Nasyonalis yo nan peyi Taywann                |
| (2) | pou ankouraje rezistans kont gwo peyi yo                                     | : | (2) | envazyon Manchuria                                   |
| (3) | pou kòmanse efò pou vin gen modènizasyon                                     | : | (3) | Gè Opium nan ki eklate                               |
| (4) | pou jwenn sipò pou pwoblèm dlo pwòp  | : | (4) | kòmansman Gè ant Repiblik Lachin ak Japon            |
-

Baze repons ou pou kesyon 10 ak 11 lan sou kat ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**Dat ki sou kat la montre ane Anpi Otoman an te pèdi tèritwa**



Sous: World History on File, Facts on File, 1999 (adapte)

- 10 Dapre kat sa a, ki gwo defni ki te prezante deva Anpi Otoman an ant 1800 ak 1913?
- (1) Ogmantasyon rapid la te vin lakoz yon gwo enfasyon.
  - (2) Mouvmman nasyonalis yo te lakoz yo pèdi tèritwa.
  - (3) Teritwa ki vin ajoute ann Afrik te mande pou gen anpil militè sou plas.
  - (4) Teren yo pran nan Lès Ewòp te fè te gen relijyon k ap parèt.

- 11 Kiyès nan deklarasyon sa yo konsènan Anpi Otoman an map la pi byen sipòte?
- (1) Li te gen aksè ak kanal ak lanmè yo.
  - (2) Se Federasyon peyi Larisi a ki te kreye l.
  - (3) Li te manke resous natirèl ak pò dlo cho.
  - (4) Li te kontwole tout arebò Lanmè Mediterane a.

Baze repons ou pou kesyon 12 ak 13 konsènan lèt ki ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Siegfried Sassoon, ki se yon sòlda peyi Angletè, te voye lèt sa a bay kòmandan an e l te refize retounen nan kanal yo. Yo te vin rive li lèt la nan Chanm Depite a e yo te pibliye l nan jounal lokal ak nan *The Times of London*.

M ap fè deklarasyon sa a ki montre mwen p ap soutni otorite militè a, paske mwen kwè se moun ki gen pouvwa pou yo mete fen nan lagè a ki fè espere pou yo kontinye l.

Mwen se yon sòlda e mwen gen konviksyon m ap ajì nan non lòt sòlda yo. Mwen kwè gè sa a mwen antre ladan l pou yon batay defans ak liberasyon, vin tounen kounye a yon gè agresyon ak defèt. Mwen kwè objektif ki fè mwen menm ak sòlda parèy mwen yo te antre nan gè sa a ta dwe klè pou l ta posib pou chanje yo, e si sa t ap fèt, objektif yo t ap pouse [motive] nou yo t ap ka vin posib pou nou atenn yo nan negosyasyon.

Mwen viv e m andire soufrans sòlda yo, e m pa ka kontinye patisipe nan soufrans sa a mwen panse ki mechan e ki pa jis.

Mwen p ap revandike kont gè k ap fèt la, men kont erè politik ak ensekirite ki fè y ap sakrifye sòlda yo.

Nan non moun k ap soufri yo, kounye a mwen fè revandikasyon sa a kont desepsyon y ap pran; epi mwen kwè mwen ka ede nan elimine fyète ensansib [satisfaksyon kriyèl] pifò moun ki lakay yo wè pou yo kontinye ak soufrans yo p ap sibi yo menm, e yon soufrans yo pa menm ka imajine pou yo ta konprann.

Sous: Siegfried Sassoon, "Finished with the War: A Soldier's Declaration," *Bradford Pioneer*, 1917

12 Ki deklarasyon ki pi byen dekri sa otè a panse?

- (1) Dirijan nan te kontinye ak gè a pou yo te ka defann enterè yo.
- (2) Sòlda yo pa t janm sipòte gè a.
- (3) Sòlda yo pa t sipòte demach pou negosye pou yo mete fen ak gè a.
- (4) Pandan gè a te kontinye, moun yo te vin pi nasyonalis e yo te vin pi patriyòt.


13 Ki sa ki te objektif otè lèt sa a?

- (1) ankouraje objektif gouvènman Angletè a
- (2) monte grad li antanke yon sòlda peyi Angletè
- (3) pou l konseye fason pou yo rekrute sòlda
- (4) pou esplike dezobeyisans li kont kè a

Baze repons ou pou kesyon 14 ak 15 sou kat ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.


**Kat A:**

**Kolonizasyon ann Afrik, 1952**



**Kat B:**

**Afrik nan lane 1975**



Sous: Sidney Schwartz and John R. O'Connor, *Imperialism and the Emerging Nations*, Globe Book (adapte)

14 Ki evènman istorik ki te yon eleman enpòtan nan kreyasyon kondisyon ki parèt sou Kat A a?

- (1) Gwo Desizyon pou Avansman
- (2) konferans Bèlen an
- (3) kreyasyon òganizasyon ak Nasyon yo
- (4) kreyasyon Òganizasyon Mondyal Komès la

15 Ki sa ki pi byen esplike diferans ki egziste ant fwontyè nasyonal ki parèt sou de kat yo?

- (1) nouvo fason pou òganize vil yo
- (2) opozisyon ak modènizasyon
- (3) gaye mouvman nasyonalis yo
- (4) fen Lagè Fwad ki te egziste ant peyi yo



Baze repons ou pou kesyon 16 ak 17 sou dokiman ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Harcourt Fuller, "Father of the Nation: Ghanaian Nationalism, Internationalism and the Political Iconography of Kwame Nkrumah, 1957-2010," *African Studies Quarterly*

Kabinè m nan te jwenn apwobasyon m pou yo deside mete tèt mwen sou pyès monnen, paske anpil nan konpatriyòt mwen yo pa ka ni li, ni ekri. Nou dwe montre yo se pou toutbon yo endepandan. E se sèl siy yo k ap ka montre yo sa. Lè yo achte tenb y ap wè foto m—yon Afriken menm jan avè yo—e y ap di "Gade, se lidè nou an ki sou tenb yo. Nou liv pou toutbon!". . .

Sous: Kwame Nkrumah, 21 jen 1957

- 16 Ki fraz prèv ki nan dokiman sa yo sipòte pi byen?
- (1) Yo ka sèvi ak medya ak pwopagann pou fè konnen objektif peyi a.
  - (2) Diktati lakoz rebelyon ak pwoblèm nasyonalis.
  - (3) Pwogram agrikilti gouvènman an sipòte yo nesesè.
  - (4) Sitwayen yo dwe gen libète pou yo vwayaje epi fè komès ak nenpòt moun.

- 17 Gouvènman peyi Gana a te itilize tenb sa yo pou l ankouraje
- (1) Fòs peyi Angletè
  - (2) pwoblèm nan domèn anviwònman nan peyi Gana
  - (3) patisipasyon nan gwoup ki gen plizyè peyi
  - (4) fyète nasyonal nan yon popilasyon ki pa resevwa edikasyon

Baze repons ou pou kesyon 18 ak 19 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Detwi Li



Sous: Gib Crockett, *Washington Star Syndicate*, 1965

18 Ki fraz prèv ki dekri nan imaj sa a sipòte pi byen?

- (1) Ho Chi Minh te vle kite Pati Nò Vyetnam nan separe ak Pati Sid Vyetnam nan.
- (2) Etazini bay frap ak avyon pou l kanpe kominis k ap gaye nan pati Sid Peyi Vyetnam.
- (3) Ho Chi Minh te mande Etazini pou l bay frap ak avyon pou l fete fen nan kolonizasyon Fransè yo nan peyi Vyetnam.
- (4) Etazini te reyisi libere Pati Sid Vyetnam anba men peyi lachin.

19 Kote branch Ho Chi Minh yo rive nan desen an montre

- (1) li te entèrese pou l devlope yon prezans solid bato nan rejyon an
- (2) objektif li se pou l te mete inite nan Vietnam
- (3) li te eseye kolabore ak Etazini pou l jwenn sipò peyi Lachin
- (4) anbasyon politik li te gen ladan l pou l genyen zòn ki antoure Pati Sid Vyetnam nan

Baze repons ou pou kesyon 20 ak 21 sou foto ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Fabrizio Bensch, "The Day the Wall Came Down," *Slate*



Sous: Carol Guzy, Berlin, 1989 (adapte)


20 Foto sa yo t ap pi itil lè n ap edidye fen ki konfli?

- (1) Gè nan Peyi Kore      (3) Lagè Fwad
- (2) Dezyèm Gè Mondyal    (4) Gè Gòlf Pèsik

21 Ki sa rezilta aksyon ki parèt nan foto yo sa yo te bay tousuit?

- (1) kreyasyon yon sistèm politik ki gen yon pati
- (2) vin gen diktatè
- (3) tansyon ant Ès ak Lwès Ewòp
- (4) kreyasyon Òganizasyon Antant Atlantik Nò [NATO]

Baze repons ou pou kesyon 22 a sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Tom Toles, "Unfavorable Exchange Rate,"  
*Washington Post*, 2011

22 Ki pwennvi ki montre nan desen sa a?

- (1) Peyi Lachin p ap patisipe nan mache pou komès mondyal la nan moman an.
  - (2) Peyi Lachin te eseye anpeche opinyon demokratik antre nan peyi a.
  - (3) Peyi Lachin te wè demokrasi kòm yon enpòtasyon ki atiran.
  - (4) Peyi Lachin t ap chèche eskiz pou l ranfòse mi an.
-

Baze repons ou pou kesyon 23 a sou tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Youn nan pwoblèm ki gen rapò ak defans pou fwontyè yo ki ouvri sèke kèk moun k ap pwofite rekonèt nivo avantaj yo benefisye grasa komès lib la. Defisi moun ki pèdi travay yo nan domèn machin, rad, oswa fabrikasyon soulye yo parèt aklè nan nouvell nan teleizyon lannuit, men se yon tikras Ameriken ki konprann ap gen machin, rad, ak soule pi bon mache, pi byen fèt, e gen plis chwa lè peyi yo ouvri pou rès monn nan. Travayè ki fè pwodui sa yo ki vann nan lòt peyi ki pa Etazini, pa rive rekonèt nan ni nivo travay yo oswa salè yo depann de volonte Ameriken pou enpòte ansanm ak kapasite pou ekspòte. Moun k ap bay lajan pou pansyon yo vin konprann sa y ap jwenn anretou a. . . gen rapò ak kapasite pou envesti aletranje, e prèske pa gen moun k ap prete lajan ki konprann pri yon dèt pou kay oswa pou peye machin vin mwens paske Amerik la atire etranje pou yo envesti lajan yo. Tout avantaj sa yo ede amelyore kondisyon lavi senp Ameriken, e yo ka gen rapò dirèk oswa endirèk ak volonte nou genyen pou nou ouvri. Pifò sitwayen prèske pa wè yo, men; yo mwens ka wè yo pase gwo defisi moun ki pèdi travay yo lè yon izin fèmen. . . .

Sous: Burtless et al., *Globaphobia*, Brookings Institution, 1998

23 Yon ekonomis t ap t ap twouve pasaj sa a pi itil pou

- |  |   |
|--|---|
| (1) sipòte règleman san restriksyon yo | (3) òganize manifestasyon kont abi nan travay             |
| (2) jistifye tarif ki pwoteje yo       | (4) debat pou gen mwens restriksyon nan kesyon anviwònman |
-

Baze repons ou pou kesyon 24 ak 25 lan sou tit ki pi ba yo ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**“VIH/SIDA Toujou se yon Pwoblèm Mondyal”**  
**“Viris Nil Oksidantal la se yon gwo menas”**  
**“Ebola touye 11,000 moun nan Lwès Afrik”**  
**“Viris Zika a gaye nan 50 peyi”**

24 Ki fraz tit 2lyèm syèk sa yo sipòte pi byen?

- (1) Echanj mondyal ka fè epidemi gaye.
- (2) Peyi rich yo pa gen pou yo enkyete yo pou maladi trapan.
- (3) Se polisyon ki lakòz pifò maladi trapan.
- (4) Epidemi yo se premye bagay ki lazòz enjistis nan domèn ekonomik.

25 Ki rezilta entènasyonal tit 2lyèm syèk sa yo te lakòz?

- (1) Òganizasyon Antant Atlantik Nò (NATO) te reponn ak fòs militè pou kanpe pwopagasyon maladi yo.
- (2) Òganizasyon ki pa nan kesyon gouvènman (ONG yo) te kanpe èd finansye y ap bay jiskaskè yo pran kontwòl maladi yo.
- (3) Inyon Ewopeyen (EU) te kreye kan refiye pou viktim yo.
- (4) Òganizasyon Mondyal Lasante (WHO) ak kominote entènasyonal la te travay pou yo jwenn sa k lakòz epidemi yo e pou yo jwenn medikaman pou yo.

Baze repons ou pou kesyon 26 a sou tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.


. . . Kou yo nou remet gaz e nou mete lòt machandiz, nou retounen pou yon lòt patwouy pa anlè nan rejyon an. Nan moman sa a, tout vilaj Hashaba ak Kokono ak 90 pousan Um Zaifa te detwi nan dife. Yo te deplase chak tant nomad ak chak objè byen prive Janjaweed [militè] te distribiye twa èdtan anvan sa. Tout sa n te ka wè nan nenpòt direksyon se te yon tras blanch oswa gri oswa nwa bagay ki te kote moun yo t ap viv la. Mwen te wè gwo destriksyon nan nivo sa a.

Sous: Steidle and Wallace, *The Devil Came on Horseback: Bearing Witness to the Genocide in Darfur*, PublicAffairs, 2008

26 Ki dispozisyon Deklarasyon Jeneral Anrapò ak Dwa Moun Nasyonzini te pran aksyon ki dekri nan tèks sa a pa t respekte?

- (1) Pa gen okenn moun ki dwe rete nan esklavaj oswa anba dominasyon
  - (2) Pa gen okenn moun ki dwe ka sibi arestasyon, prizon, oswa egzil
  - (3) Pa gen okenn moun ki dwe anba presyon pou l fè pati yon asosyasyon.
  - (4) Pa gen okenn moun ki dwe annik pèdi byen l.
-

Baze repons ou pou kesyon 27 ak 28 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Herblock, *Washington Post*, February 26, 1999

27 Konpòtman ki kritike nan desen sa plis sanble ak ki nosyon

- (1) alyans
- (2) rekonsilyasyon
- (3) dezakò
- (4) ogmantasyon nikleyè

28 Kiyès nan òganizasyon sa yo an ki te nan mete fen ak vyolasyon dwa moun ki parèt nan desen an?

- (1) WTO – Òganizasyon Mondyal Komès
- (2) OAU – Òganizasyon Inite ann Afrik
- (3) NATO – Òganizasyon Antant Atlantik Nò
- (4) OPEC – Òganizasyon Peyi K ap Ekspòte Petwoleyòm



Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonsè pou reponn kesyon sa yo.

## Pati II

### KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste kompetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak Seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

**Idantifye**—vle di bay yon non ak oswa nome.

**Esplike**—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

---

#### Estrikti Seri 1 KPK ki Mandè Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

---

#### Estrikti Seri 2 KPK ki Mandè Repons Kout


- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
  - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
  - Kesyon 34a ak 34b sèvi ak Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

**Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29-31):** Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Baze repons ou pou kesyon 29 la sou Dokiman 1 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

## Dokiman 1

### Nagasaki, Japon—Out 1945



Sous: Caren Stelson, *Sachiko: A Nagasaki Bomb Survivor's Story*, Carolrhoda Books, 2016 (adapted)

29 Esplike evènman istorik ki te lakoz sitiyasyon ki parèt nan imaj ki nan Dokiman 1 an. [1]

---



---



---

Source

Baze repons ou pou kesyon 30 lan sou Dokiman 2 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

## Dokiman 2

Se yon pati nan aktik ki nan Antant pou Anpeche yo Gaye Zam Nikleyè, yo te konnen sou non Antant Kont Ogmantasyon Rapid la oswa NPT. Yo te vote l nan dat 5 mas 1970. Manm Nasyonzini ki asosye ak antant sa a revize l chak senk lane. Nan moman sa, peyi yo ka chwazi kontinye fè pati antant sa a oswa retire tèt yo.

### Atik I

Chak Eta ki gen zam nikleyè ki nan Antant lan pran angajman pou yo pa voye bay okenn kote kèlkeswa zam nikleyè okswa bonm oswa ki gen kontwòl sou zam oswa bonm sa yo dirèkteman, oswa endirèkteman; e nan okenn fason ede, ankouraje, oswa lakoz yon Eta ki pa gen zam nikleyè pou fabrike oswa achte zam nikleyè oswa lòt bonm, oswa kontwole zam oswa bonm konsa.

### Atik II

Chak Eta ki gen zam nikleyè ki nan Antant lan pran angajman pou yo pa resevwa bay okenn kote kèlkeswa zam nikleyè okswa bonm oswa ki gen kontwòl sou zam oswa bonm sa yo dirèkteman, oswa endirèkteman; e pa fabrike oswa achte zam nikleyè oswa lòt bonm; e pa chèche oswa resevwa nenpòt èd pou fabrike oswa achte zam nikleyè oswa lòt bonm, oswa kontwole zam oswa bonm. . . .

Sous: Treaty on the Non-Proliferation of Nuclear Weapons, enacted on March 5, 1970, United Nations Office for Disarmament Affairs

30 Esplike objektif Antant Kont Ogmantasyon Rapid la ki baze sou tèks sa a. [1]

---

---

---

Source

**AL NAN PAJ KI VIN APRE A** ➡

Baze repons ou pou kesyon 31 la sou Dokiman 1 **ak** Dokiman 2 a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**Rezon**—se yon bagay ki lakoz yon evènman rive, yon opinyon kreye, oswa reyalizasyon yon devlopman.

**Konsekans**—se sa k pase kòm rezilta (rezilta, enpak, konsekans) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

31 Idantifye **epi** esplike relasyon ki gen ant rezon ak konsekans ant evènman ak/oswa lide ki nan dokiman sa yo. Asire w ou itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** 2 nan repons ou a. [1]

---

---

---

---

---


Source

**Enstriksyon pou Gwoup 2 CRQ (32-34):** Analize dokiman yo epi reponn kesyon pou bay repons kout la ki vin apre chak dokiman nan espas yo by la.

Baze repons ou pou kesyon 32 la sou Dokiman 1 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Dokiman 1

**Jenny k ap vire**



Sous: *The British Museum, BBC*

**Kadran k ap vire**



Sous: *The Science Museum Group*

32 Esplike evènman istorik ki te lakoz devlopman ki parèt nan foto sa yo. [1]

---

---

---

Source

Baze repons ou pou kesyon 33 la sou Dokiman 2 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

## Dokiman 2

Sa a se yon pati nan petisyon travayè yo depoze nan Leeds, ki se sant prensipal fabrikasyon lèn nan Yorkshire, peyi Angletè. Li parèt nan yon jounal nan lokal nan lane 1786.

### **Pou Vandèò, Koutirye ak tout moun k ap di bòn chans pou izin fabrikasyon pwodui debaz pou peyi sa a.**

MESAJ ak PETISYON plizyè milye moun ki travay nan izin pou fè rad la fè ak imilite.

PRÈV [ki montre], Machin pou ekri [machin pou fè desen] a lade plizyè milye moun k ap fè petisyon nou yo nan chomaj, sa mete yo nan gwo pwoblèm, e yo pa ka pran swen fanmi yo [fè kòb], e yo pa gen posibilite pou yo leve pitit yo pou yo travay: Se pou sa n ap mande pou nou mete prejije ak enterè pèsònèl sou kote, e pou nou konsantre sou detay ki annapre yo, ki se sa sitiyasyon an bezwen.

Kantite Machin pou Fè Desen vin anviwon disèt mil nan sidwès LEEDS, ki depase tout sa moun te panse, e ki pa mwens pase san swasanndis! e pandan chak machin ap fè menm kantite travay nan douz èdtan, pandan sis gason ka fè l ak men yo, (gen kèk limit) e y ap travay lajounen kou lannuit, yon machin ap fè menm kantite travay ak si nou te anboche ven gason nan yon jounen. . . .

Donk nou swete santima limanite a ap pèmèt moun ki gen pouvwa yo pou yo anpeche itilizasyon machin sa yo, pou yo dekouraje moun jan yo kapab ak sa ki gen tandans prejije [fè mal] ak moun menm jan avè yo. . . .

Siyen, nan non PLIZYÈ MILYE,  
Joseph Hepworth, Thomas Loblely  
Robert Wood, Thos. Blackburn

Sous: Leeds Woollen Workers Petition, 1786

33 Dapre pati sa a nan dokiman an, esplike objektif petisyon 1786 moun k ap travay nan lèn nan Leeds, nan Peyi Angletè yo. [1]

Source

**Moman enpòtan**—se yon gwo evènman, lide, oswa devlopman istorik ki kreye yon gwo chanjman.  
Li ka lokal, rejyonal, nasyonal, oswa mondyal.

34a–34b Itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** Dokiman 2 a ak konesans ou nan syans sosyal:

- a) Idantifye yon moman enpòtan ki gen relasyon dirk ak devlopman istorik ki nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]
- b) Esplike fason moman enpòtan ou idantifye a te kreye yon gwo chanjman pa mwayen prèv nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]

---

---

---

---

---

---

---

---

Source

**AL NAN PAJ KI VIN APRE A** ⇨

### Pati III

#### (Kesyon 35)

#### REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

**Enstriksyon:** Li ak analize chak nan senk (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèw ki soti nan dokiman yo pou kore repons ou avèk reyalyte, egzanp ak detay enpòtan.

**Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante rezoud ak divès degre sikse.**

**Sa pou fè:**

- Idantifye **ak** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo sòlve
- Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèw ou jwenn nan dokiman yo pou agimante poukisa pwoblèm ou chwazi a enpòtan **epi** kijan li te pèsiste atravè epòk yo

#### **Nan redaksyon ou an asire ou**

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzak sou omwen **trwa (3)** dokiman pou idantifye pwoblèm pèsistan an
- Sèvi ak prèw ki soti nan omwen **trwa (3)** dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
  - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
  - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

**Idantifye**—vle di bay yon non ak oswa nome.

**Eksplike**—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

**Agimante**—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèw ak rezon yo pou kore yon konklizyon.



## Dokiman 1

Se yon pati nan temwayaj Gavriolo Princip te fè yo te enprime ankò nan *The Sarajevo Trial*. Yo te akize l li asasinan Prens ak Prensès peyi Otrich nan mwa jiyè 1914.

### Odyans Gavriolo Princip la

12 oktòb 1914

Nan aprè midi

. . .Av. [Avoka]: — Rele Gavriolo Princip. (Yo mete l ladan l.) Ou panse w koupab?

Ak. [Akize, Gavriolo Princip]: — Mwen pa yon kriminèl paske m ap elimine mechanste. Men panse mwen kòrèk. . . .

Av.: — Ki kalite ide w genyen?

Ak.: — Mwen se yon nasyonalis peyi Yougoslavi e mwen kwè nan inite tout Slav nan Sid yo nan kèlkeswa fòm eta a, e pou l libere anba Otrich.

Av.: — Se sa w te vle reyalize [objektif]. Kijan w te panse reyalize l?

Ak.: — Pa mwayen gwo laperèz.

Av.: — Kisa sa vle di?

Ak.: — Sa vle di yon destriksyon depi anlè, detwi moun ki reprezante yon obstak e k ap fè mechanste, moun ki bloke ide inite a.

Av.: — Kijan w te panse ou ka reyalize objektif ou yo?

Ak.: — Se te toujou yon movivasyon prensipal pou tout soufrans Otrich fè pèp la sibi. . . .

Av.: — Kijan w te santi w lè Otrich nan antouraj ou?

Ak.: — Moun t ap di Otrich t ap fè konpatiyòt nou yo mechanste, e yo te fè sa vre, e li menm (Otrich) pa nesesè. . . .

Sous: W. A. Dolph Owings, *The Sarajevo Trial, Vol. I*, Documentary Publications, 1984

## Dokiman 2

### Angajman ki pran 26 janvyè 1930

Nou kwè Endyen yo gen tout dwa yo, menm jan ak nenpòt lòt pèp, pou yo gen libète e pou yo benefisye rezilta travay yo e pou yo gen bagay debaz nan lavi a, pou yo ka gen tout posibilite ki egziste pou yo fè pwogrè. Nou kwè tou si nenpòt gouvènman retire dwa sa yo e yo mete presyon sou yo, moun yo gen dwa pou yo chanje sa oswa elimine sa. Nonsèlman gouvènman peyi Angletè a ki nan peyi End retire libète Endyen yo men yo enstale yo nan peyi a pou yo pwofite mas popilasyon an, e yo detwi peyi End nan domèn ekonomik, politik, kiltirèl, ak espartyèl. Donk, nou kwè peyi End dwe koupe lyen yo genyen ak peyi Angletè epi rive nan Purna Swaraj oswa endepandans konplè yo. . . .


Nan domèn politik, kondisyon peyi End pa t janm desann nan yon nivo ba jan l ye lè l anba kontwòl peyi Angletè. Pa gen okenn chanjman ki te janm bay pèp la pouvwa nan domèn politik vre. Sila yo ki pi gran pami nou yo dwe bese devan otorite etranje. Yo refize ba nou dwa libète opinyon ak asosyasyon lib, e anpil nan konpatriyòt nou yo oblije al viv ann egzil e yo pa ka retounen lakay yo. Yo touye tout moun ki konpetan nan domèn administratif yo, e mas la oblije reziyen yo ak ti biwo ak ti kès nan vilaj la,

Nan domèn kiltirèl, sistèm edikasyon an separe nou ak sa ki reprezante ekilib nou [kwayans] nou, e edikasyon yo ba nou fè n ap aksepte menm chèn ki mare nou an. . . .

Sous: *Jawaharlal Nehru: An Autobiography*, Bodley Head, 1942

### Dokiman 3

Afich sa selebre rankont sou Kontra Libète nan Soweto, Afrik Disid, nan dat 25 ak 26 jen 1955. Alyans Kongrè Afrik Disid la adopte Kontra a nan dat 26 jen 1955.



Sous: Judy Ann Seidman, Medu Art Ensemble, 1982

\* Africa Mayibuye vle di “Retounen ak Afrik.” Se te yon slogan yo te itilize pandan pwoblèm nan Sid Afrik Diid.

## Dokiman 4

Nan dat 17 avri 1975, Khmer Rouge anvayi Phnom Penh, ki se kapital peyi Kanbòj.

. . .Fwa sa a, laperèz yo montre yo kòrèk. Tousuit Khmer Rouge mande pou tout moun kite gwo vil yo, menm moun ki sou kabann lopital yo. Yo touye tout moun ki t ap fè rèd. Anviwon 2.5 milyon gason, fi, ak timoun te fè manifestasyon nan tout pwovens yo pou kreye yon nouvo sosyete nèt. Te gen yon milyon moun ki mouri grangou, anba baton, travay fòse, oswa yo te antere yo tou vivan. Khmer Rouge pa t tire anpil moin paske yo te vle sere bal yo. . . .

Sanble jodi a dirijan Khmer Rouge la, Pol Pot, te kwè peyi l la pa t ap fonksyone byen jiskaske l retire tout enfliyans etranje. Sa te vle di touye moun peyi Kanbòj ki te pale Fransè oswa ki te mete rad ki soti nan lwès sou yo epi elimine moun nan vilaj la ki gen zansèt yo ki te sot nan peyi vyetnam. Refijye yo te kòmanse rive nan peyi Taylann nan ete 1975. Istwa yo te tèlman difisil, okòmansman, pa t gen moun ki te kwè yo. . . .

Sous: David K. Wright, *War in Vietnam, Book IV–Fall of Vietnam*, Childrens Press, 1989

## Dokiman 5

### Jenosid nan peye Wanda

. . .Ekstremis Outou yo kote pifò te manm oswa t ap sipòte pati ki t ap dirije nan moman an, te kreye yon seri Dis Kòmandman ki te dekri fason Outou yo ta dwe trete vwazen Touti yo. Pami lòt sa k te gen ladan l yo, li te dekri nenpòt Outou ki marye, zanmi oswa anboche Touti yo kòm "trèt"; tout Touti te malonèt e yo pa t ka fè biznis oswa nan pozisyon pou yon gen pouvwa nan domèn edikasyon; Kòmandman mechan yo—ki te gaye toupatou nan peyi Wanda—te oblije Outou yo pou yo sispann gen pitye pou Batouti yo' [Touti]. Plizyè milye peyizan Outou te dwe obeyi dènye règleman sa a [lòd] lè jenosid la te kòmanse. Lide lahèn sa a ekstremis yo te vin adopte [sipòte] a te sanble byen klè ak lide Nazi nan kanpay yo t ap fè kont Jwif yo anvan Dezyèm Gè Mondyal la te eklate. Li te fèt pou rabese [denigre] Touti yo epi kreye yon anbyans kote destriksyon anpil moun t ap yon bagay ki akseptab, prèske nòmal. . . .

Sous: Christina Fisanick, ed., *The Rwanda Genocide*, Opposing View Points Series, Thomson Gale, 2004

**Se nou k deside kite paj sa a vid.**

## PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

### Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou swete sa, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen an se: \_\_\_\_\_

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Youn oswa de ide posib pou enfòmasyon ki pa nan dokiman an
Èske sa a se yon pwoblèm <i>omwen twa</i> dokiman sipòte?  Ki dokiman ki sipòte pwoblèm sa a?		1   2   3   4   5	
Ki dokiman ki ka sèvi pou w bay esplikasyon anrapò ak pwoblèm sa a?		1   2   3   4   5	
Èske pwoblèm sa a gen gwo gen enpak sou moun oswa jan moun gen enpak sou pwoblèm nan?  Nan ki dokiman oswa plizyè dokiman ou wè sa?		1   2   3   4   5	
Èske pwoblèm nan te toujou rete konsa oswa li te chanje tank tan ap pase?  Nan ki dokiman oswa plizyè dokiman ou wè sa?		1   2   3   4   5	

Retounen nan paj 24 la pou w regade egzèsis sa a.

Ekri redaksyon ou sou paj ki gen liy yo nan ti liv redaksyon an.

